АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№38 (9926)
РУЗМАН
18 сентябрь 2020 сон
28 МУХIАРРАМ 1442 СОН

Шамил районалъул газета
Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

*Росдал магIишат*



РагIи-хер хIадурулеб буго

2 гьум.

*Рищиял*

Депутатал - жамагIаталъул вакилзаби

2 гьум.



■ ТАДБИРАЛ

# Байрамалъул мурад- миллатал цолъи!

**Дагъистаналъул халкъазул гьудуллъиялъул къолъун 15 сентябрь чIезабуралдаса анцIго сон сверана. Щибаб соналъ гьеб къо кIодо гьабула республикаялъул даражаялъул чIахIиял тадбиралги тIоритIун. Гьебго къо ккола нилъер республикаялъул рухIияв цевехъан, муфтий АхIмад-хIажи ГIабдулаев гьавураб къоги. Гьеб хIужжаялъги жеги цIикIкIун гIадамал гIахьаллъула байрамалъулал тадбиразда.**



Муфтияталъул тIолабго хIаракатчилъи ракълие, халкъ цолъиялъе гьабулеб букIин баянаб бугелъул. Дагъистаналъул халкъал цолъиялъул мурадалда чIезабураб гьеб байрам тIобитIиялъе гIемераб хIалтIи гьабула хIукуматалъул идарабазда цадахъго жамгIиял гIуцIабазги. КIиябго рахъ цадахъ лъугьун гIуцIарал чIахIиял тадбираз данде гьарула Дагъистаналъул бахIарчияб тарих лъалел, гьелъул жакъаселъухъ ва метериселъухъ ракI унтарал аза-азар чи, гьел тадбираз гьункизарула гIолилал, гьезул ракIазулъ цIилъула умумузде хIурмат, жидерго ишазде жавабчилъи. Дагъистаналъул халкъал ракълида, цолъун ругони социалиябгун экономикияб ва рухIияб рахъалъ нилъер республика цебетIураблъун букIинги баянаб буго.



Исанаги 15 абилеб сентябралъ республикаялда рукIана байрамалъул темаялда гIуцIарал гIемерал тадбирал. Гьездасан бищунго гIемер чи гIахьаллъараб ва гвангъараб тадбир букIана МахIачхъалаялда гIагарлъухъ бугеб «ВатIан» абураб миллияб спорталъул ва хIухьбахъиялъул тадбирал тIоритIулеб гIатIилъухъ. Гьенир гIахьаллъана хIукуматалъул хъулухъчагIи, Муфтияталъул нухмалъудаса вакилзаби, культураялъул, искусствоялъул, спорталъул машгьурал гIадамал. Балагьаразул рекIелъ рохалил асар хутIулеб хIалалъ гIуцIараб гьеб тадбир махщалида нухда бачана Радио «ВатIан» ва ННТ телеканалалъул генералияв директор Султан Трамовас.

Миллияб спортазул хIаязул бищунго балагьизе гъира кколелллъун рукIана чуял риччаялъул къецал. РукIана гьединго чIорбутI биччаялъул, рекериялъул къецал. 1500 метраялъул манзилалда рекериялъул къецазда гIарцулаб шапакъат босана нилъер районцояв, КъахIиса АхIмад ХIасановас.

Байрамалда цере рахъана рекIелъе бортулел нашидал ахIулел машгьурал махщелчагIи. Гьениб бихьизабураб бечедаб программа берцин гьабуна, зурма-къолол бакъназухъе кварида къурдулел, гIисинал палугьабазул гьунаралъ.

Байрамалъул ахиралда шапакъатал къун кIодогьаруна къецазулъ бергьенлъи босарал ва байрам тIобитIиялъулъ бутIа лъурал.

П. ИБРАГЬИМОВА



■ БАРКИ

## Баркула Дагъистаналъул халкъал цолъулеб къо




**Районалъул тIолабго жамагIаталда ракI-ракIалъ баркула нилъер халкъалъе кIудияб кIваралъул байрам – 15 сентябралда нилъеца кIодо гьабулеб, Дагъистаналъул халкъал цолъулеб къо.**

**ГIасрабазул тарихалда жаниб нилъер халкъаз цолъиялъул, вацлъиялъул, гьудуллъиялъул мисал гIемер бихьизабуна. «Цолъи буго нилъер къуват» - гьадинаб ахIи бана Дагъистаналъул лъабабилев имам Шамилица нилъер халкъалде. Гъункун, цолъун ругони, лъиданиги кIвезе гьечIо Дагъистаналъул халкъ цоцалъ базабизе, гьелда жаниб рагъ-кьал ккезабизе. Къуват кьеги умумузе гьеб ахIи лъималазухъе ирсалъе кьезе.**

**Гьайбатаб нилъер мугIрузул улкаялъул хаслъиги цIунун, гьаниб рекъелгун талихI ва халкъазул цолъи цIуни буго дир мурад.**

**Хириял районцоял, гьарула нужее щулияб сахлъи, гIумруялъулъ талихI ва ракълилаб гIумру.**

**Районалъул бетIер МухIамад ХIАСАНОВ**

# Рафтингалъ пана гьаруна гьалбал

**Гучаб АваргIурул хIалбихьи гьабуна араб талат къоялъ туристазул ва райадминистрациялъул къокъаялъ. Рафтинг абураб тайпаялъ гьенир цIарал экстремалаз гьеб тадбир Дагъистаналъул халкъал цолъиялъул къоялде гIуцIараблъун букIанин бицана.**

Рафтинг ккола гIоралъ эхере хасал гумузда рекIун унеб спорталъул экстремалияб тайпа.

Нилъер районалъул туризм цебетIеялъе цо хасаб бутIа кколеб цIияб тайпа буго гьеб. Рафтингалъе хIажатабщинаб буго чIезабун Гьолокь бугеб районазда гьоркьосеб хехаб кумекалъул МЧСалъул хъулухъалъул базаялда. Гьениб бугеб кумекалъул бригадаялъул гIолохъаби руго рафтингалъе хIадурарал инструкторал. Гьезул жигарчилъиялдалъун буго нилъер районалда экстремалияб туризмалъул гьеб бутIа цебетIун инеб.

ХIебдасан Гьолокье щвезегIан гIор чIван эхебе букIана гьеб къоялъ лъун маршрут. Гьенир гIахьаллъарал федералиял каналазул журналистаз (РЕН.тв, 5 канал Санкт- Петербург и канал Известия) бахъана нилъер районалда рафтингалъул репортаж.

РекIелъ цIакъ тамашаяб ва такрарлъулареб асар хутIанин бицана рафтингалъул гIахьалчагIаз.

МагIарулазул гьалбал хиралъиялъ, гьайбатаб тIабигIаталъул сипатаз пана гьарун рукIана гьалбал.

НИЖЕР МУХБИР

■ РИЩИЯЛ

# Депутатал - жамагIаталъул вакилзаби

**13 сентябралда улкаялда чIезабураб низамалда рекъон тIоритIана бакIалъул депутатазул рищиял. Гьаб нухалда нилъеца рищизе кколел рукIана районалъул росабазул 7-абилеб ахIиялъул депутатал.**



Исана коронавирус тIибитIиялъе хIинкъи букIиналъ, гьел рищиял тIоритIана июлалъул референдум гIадин, халат бахъарал болжалазда, ай 3 къоялъ. Щивав избирателасе рес букIана ялъуни интернеталдаса, ялъуни избиркомалъул членал рокъоре ахIун, ялъуни живго гIахьаллъун гьаракь кьезе.

Киналго избирателазул участкабазда чIезабун букIана Роспотребнадзоралъул тIалабалда рекъараб низам.

Гьел рищиязда аслияб гIахьаллъи гьабуна ригь арал гIадамаз, гьездаса мисал босизе бегьула гIун бачIунеб гIелалъги. Аслияб къоялъ, 13 сентябралда, ХIебда участокалда рищиязулъ гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер МухIамад ХIасановас ва нилъер районцояв, ДРялъул Туризмалъул министр Расул Ибрагьимовас.

Районалъул бетIер М.ХIасановасул ва райсобраниялъул председатель М.Хизроевасул тIалабалда рекъон рищиязулъ чIезабуна ракIбацIцIалъи. Рищиял тIоритIилалде цере щибаб росдал бегавуласда цебелъуна рищиязул кIваралъул ва жамагIатазда цебе букIине кколеб гIадлу-низам цIуниялъул суал.



Районалъул росабазе депутатлъиялде кандидатураби рихьизарун рукIанаункъго партиялъул 283 кандидатас ва жалго жидедаго чIарал, партиябазда гьечIел 50 чияс.

Шамил районалда вуго 1193 избиратель, гьездаса рищиялда гIахьаллъана 71,15%.

Районалъул ТИКалъул нухмалъулев ГI. ГIалиевасул баяналда рекъон партиябаз рихьизарурал ва жалго жидецаго лъурал кандидатазул гьадинаб хIасил ккана:

«Единая Россия» 57.93%, КПРФ - 6.28%, «Справедливая Россия» -8.99%, «Партия роста» -9.2%.

Жалго жидецаго лъурал кандидатазул - 16.82%.Щивав вищарав депутат ккола жинда росабазул жамагIаталъ ва избирателаз тIад къараб иш тIубалев чи, гьезул вакил. Хьул буго щивав вищарав депутатас избирателазул тIадкъаял дурусго тIуразе рукIиналда.

**Давуд ДАВУДОВ**

■ РОСДАЛ МАГIИШАТ

# РагIи-хер хIадурулеб буго

**Нилъер районалъул росдал магIишатазда тIад ран унел руго хасалиде рагIи-хер хIадур гьабиялъул хIалтIаби.**

Исанасеб рии цIадал дагьаб, бакъ бухIараб букIаниги, магIишатазул нухмалъулез синоптиказул баяназдa рекъон, кьварараб букIине бугин абулеб бугеб хаселалде хIадурлъи гьабизе кинабго къуват рехун буго. ЦIакъ захIмат ккана Кочубеялъул ракьазда ругел магIишатазе хурзал лъалъаялъул иш жавабиял идарабаз роцIинабичIолъиялъ.

Кинал захIмалъаби дандчIваниги, хер къаялъулъ тIоцебесеб кьерда руго Ругъелда СПК. Гьез хIадурун буго 800 тонна. М.ХIасановасул цIаралда бугеб СПКялъ-700т., ГьентIа СПКялъ- 500т., Гьандихъ СПКялъ- 520 тонна харил хIадурун буго. Росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулев ГьитIино МахIачевасул баяназда рекъон Бакълъухъ СПКялъ240т., ТIаса Бакълъухъ СПКялъ 100т., ГIуриб СПКялъ 100т., СПК Хочбарский-80т., МачIада СПК 80т., КъахIиб СПКялъ 50т. хIадурун буго.

Квеш гьечIо фермеразул магIишатазулги хасалиде хIадурлъи. Мисалалъе, КФХ «Арша»ялъ хIадурун буго 400 тонна бакъвараб харил, КФХ «Лидер» -100т., СПК «Месед» -180т.

Гь. МахIачевасул баяназда рекъон хаслихъе гьарулел хIалтIаби киналго магIишатазда лъикIаб даражаялда инел руго.

ТI.МУХIАМАДОВ





■ МАШГЪУРАЛ РАЙОНЦОЯЛ

**Жиндирго ва лъади Еленагун цадахъаб циркалъулаб программагун, АхIмад Сурхатилов цевевахъуна Европаялъул гIемерисел пачалихъазда, хасго Испаниялда. Гьесул буго гIажаибго берцинаб ва бигьаго гьетIакIичIизабизе кIолеб черх. Гьединлъидал, гьев кIидандчIвала ва хIалица, гьава жаниб гьечIеб, гьитIинабго цIорол къалиялда (куб) жаниве лъугьуна (гьелъул борхалъи 50 см), хадуб кумекчагIаца тIаде ункъго кIулалги ран, тIалъел рахала ва лъел аквариумалда жанибе биччала (номералда цIар буго «аквариум»). 15 минуталъ хIохьел ккун чIарав магIарулас, балагьарал паналъизарула. Жанив АхIмад вугебгIан заманалда, къолода сверун Еленаца, гъурараб цIорода тIад тIубазабула берцинаб рагъа-рашариялъул гIарабазул къурди.**

# Гьас Дагъистан дунялалдаго рагIизабуна

**КъахIиса факир, фокусчи, иллюзионист, йог – АхIмад Сурхатилов.**



Сурхатилов цевевахъуна факирасул, фокусникасул, йогасул ва иллюзионистасул номералгун. АхIмад ккола Гиннессил рекордазул тIехьалъул рекордсмен, дунялалдаго бицен бугев инсан, гIемермиллионазулаб халкъ биххизабулев дунялалъул рекордсмен.

Цо дагьаб заманалъ цеве гIагараб ВатIаналде вачIарав гьунар тIокIав магIаруласулгун ккараб гара-чIвари нижеца цIалдолезеги гIахьалгьабулеб буго:

**– АхIмад, артистлъун вахъиналъе дуе щиб сабаблъун ккараб, киноялде нух кин бахъараб?**

– Чарли Чаплинил кинаби дие гьитIинго цIакъ рокьулаан, гьез тIамуна дун артистлъиялде анищ гьабизе. Хунзахъ интернаталда цIалулаго гIахьаллъулаан кьурдул ансамблялда, ичIго сон барав чи хьвадулаан росабалъе кьурдизе. ГIумру гьабизе ниж Нальчикалде рахъараб мехалда, анцIго сон барав дун, Кабардино-Балкариялъул телевидениялде ахIулаан ансамблялъул солистлъун кьурдизе. Къокъго абуни, Аллагьас кьураб гьунар дица цебетIезабуна.

ЗахIмат бихьичIого цIализе лъугьана ВГИКалде, халкъиял артистал Борис Бабочкинил, хадуб Алексей Баталовасул курсалде. ХIалтIана Москваялъул ва «Театр пластической драмы» абулеб театралда. Киноялдаса дие пантомима гIагараб букIана, цIакъ бокьулаан кьурдизе. Хадув хIалтIана «Узбекфильм» киностудиялъул режиссерлъун, М. Горькиясул цIаралда бугеб киностудиялъул актерлъун. ЧIалгIана кавказалъулазул ролал хIай, гьединлъидал дица гIуцIана дирго «Пантомимо ва факир» абураб программа, 1986 соналда тIолгодунялалъул студентазул фестивалалда гьелъул номералгун дир цевевахъиналъе лауреатасул цIар щвана. ХIалтIана батIи-батIиял цирказда. Филипп Кирковровгун цадахъ цевевахъана Германиялда рукIарал нилъер рагъул частазда. Берлиналда дун вихьана ва хIалтIизе вачана Гамбургалъул Шмидтил театралде. Ахираб лъабго сон буго Испаниялъул Бенидорм Паласалда хIалтIулаго. Гьеёнив щвана дир къисматалде хинаб бакъ: контрактазда хадур контрактал, дирго программаби, Европаялде турал, ай рес буго, лъидаго цIехечIого, дир гьунар-махщел бихьизабизе. Вохун вуго гIадамазе дун къваригIунев вукIиналдаса ва гьезие дир цевевахъинал рокьулел рукIиналдаса.

**– ТIоцебе кин лъараб Халикъас дуе гIадатияб гуреб гьунар кьун букIин?**

– Цо нухалъ дида бихьана гIемераб заманалъ лъеда гъоркь чIун бажарулел Индиялъул йогазул хIакъалъулъ бицунеб кино. Дагъистанизул хаслъи ккола, гIадатияб гуреб жо бихьани, «Цогияздa кIолеб гьунар, дида щай кIолареб?», - ян бачIинахъего пикру гьаби. Дидаги бажарана. ГьитIинаб халкъ букIаниги, дагъистанизул ракI кIудияб буго.

**- Сундасан гIуцIун бугеб программа, кинал пачалихъазде гьебгун нуж щварал?**

– Гьелда гьечIеб жо щиб бугеб? Иллюзия, йога, каучуг (акробатика), махсаро, хIадурулел руго цIиял номерал.

Ниж щвана Европаялъул киналго пачалихъазде, Монголиялде гIунтIун, Азиялъул пачалихъазде. Рес щвана чамалиго къоялъ Парижалъул машгьураб Мулен Ружалда хIалтIизе. Сверана Россиялъул киналго чIахIиял шагьарал. ЦIакъ бокьилаан дагъистаниязда дирго программа бихьизабизе.

**– Мун щибаб цевевахъиналде хIадуризе кколищ яги хIадуричIогойищ тIубалев?**

– Щибаб къоялъ тренировка гьабула: зарядка, лъедей, сахаб квен. Амма хIалтIи байбихьилалде бащдаб сагIаталъ цебе черх битIа – бишизабула, дунго лъикIаб хIалалда рекъезавула, гьелде «медитация» абула, дун кидаго тIадагьаб кIотиялда вукIуна.

**– КIотийилан сунде абулеб («состояние транса»), гьелда дур кинаб асар букIунеб?**

– Гьелъул букIуна черх гьаниб, амма бетIерги пикрабиги цоги бакIалдаян абулеб асар, ай черх гьаниб рухI доба. Дир гьунаралъе гьединаб асар лъугьинабичIого гIоларо. ГIемерал гIолохъабазда бажарула къолонир кIичIван кIусизе. Дир буго батIияб масъала. Дун вукIуна лъелъ букъараб тIад кIулал рараб къолонив жанив. БотIрода жаниб бидурихь тIуни яги щукIдул рукIкIани, дида ишара гьабун бажаруларо. АнцIго – анцIила щуго минуталъ яхI гьабизе ккани, дун кIотиялъул ахIвал – хIалалда, ай гьанисаги ун, довеги щвечIеб хIалалда вукIине ккола. Гьеб буго щибаб къойилал тренировкабазул ва, аслияб жо, дунго дидаго божиялъул хIасил.

**– Дур тIоцебесеб цевевахъин ракIалда бугищ?**

– Гьай-гьай буго, хасго гьелде гьабулеб букIараб хIадурлъи (репетиция). Ниж хIадурулел рукIана гаражалда жанир, дир масъала букIана ункъго минуталъ къолонив яхI гьаби. Лъабго минут арабго дун квеш лъугьана – щукIдул рукIкIана, бажаричIо къватIир ругезде ишара гьабизе. МагIарзухъан къалахъа би чвахана. КъвартIаялъ къалиги бекун, вачана къватIиве. АхIизе ккана тохтур, хадуб дида кIолеб букIинчIо гьеб номералда тIад ургъизе.

**- Балагьаразе дур кинал номерал бищунго рокьулел ва кир рукIарал ракIалдаса унарел гьел номералгун цеверахъинал?**

- Киназего рокьула дир «аквариум» ва «трансформация» абулел номерал.

2010 соналда Казахстаналъул тахшагьар Астанаялъ анцIго сон тIубаялъул юбилейги, гьезул президент НурсултIан Назарбаев гьавураб къоги кIодогьабулеб байрамалда, шагьаралъул аслияб майданалда, 45 градусалъул багIариялда, 25 азарго чиясда цебе лъелъ букъараб къолониб дица бана анцIго минутгун лъабго секунд.

Стамбулалда телевидениялда къолониб бугеб цIоролъ бана анкьго минут.

Норвегиялъул принцессаялъ ахIана дун жинцаго бачунеб «Гала- артиста» абулеб программаялда цевевахъине, гьениб дида абуна, номерал гIемерал ругила, гьединлъидал анлъго минут гурони къолониб багейилан.

"Минута славы" шоуялда дир номер киназего бокьана, гьелъухъ дие 30 азарго евро кьуна. БакI гьечIо, абуна, гIайиб гьабугейила, бакIал церего рикьун ругила.

**– Къолонив дур гIумруялъе хIинкъи букIунарищ?**

- Гьай-гьай, букIунаро. Дихъ фонарик букIуна. Къварилъи – гIунгутIи кколеб бугони, гьеби бакун, дица ишара гьабула ва, дун хвасар гьавизелъун, къали бекула. Дун дирго чIагольиялда божула, хIинкъизе ккараб лъугьа – бахъинги къанагIатги букIунаро.

**– Дуца гIумру гьабулеб куцги, кванагьекъолеб къагIидаги цогиязулалдаса батIияб бугищ?**

–ТIадчIун сахаб гIумру гьабула (здоровый образ жизни). Гьекъолеб жоялдасаги сигаретаздасаги дица инкар гьабуна. Квен къваригIуна черхалъе гуребги рухIалъеги, гьединлъидал, как бай чара гьечIеб бугилан рикIкIуна дица. ГIумру букIине ккола хIилла-рекIкI гьечIеб, гIарцуе лагълъи гьабулареб. Къоялъул низамги кваналеб жоги дир батIияб букIуна. МагIарулав вугелъул, гьан бокьула, амма дагьаб квинала-гьелъ пластика хвезабула. ГIемерисебго квен гьан гьоркьоб гьечIеб букIуна, гIорцIизегIан кваналаро. Мисалалъе, нижер къасиквен – оливкаялъул нах тIаде тIураб гIадатияб овощазул салат. Бищунго бокьулеб квен ккола хинкIал. Гьелги кьун хьихьулаан дун эбелалъ. Дун вуго кинабгIаги унти лъачIев чи. Гьеб буго эбел-инсухъа дие щварал геназул баракат. Дир кIодоца бана 115 сон, кIудадаца – 103 сон, эбелалъул буго 93 сон, гьелъ жакъаги щибаб къоялъ зарядка гьабула. Черхалдаги рухIалдаги гьоркьоб дандеккей букIине ккола (гармония).

**- Дур пишаялде машгъуллъизе яги йогалде ругьунлъизе бокьарав чиясе щиб дуца малъилеб?**

- Аслияб жо буго Аллагьасда божи. Дида лъала гьесул бер кидаго диде балагьун букIин. Аллагьасда божичIого, как-кIалги гьечIого вукIаравани, мацIги гIадамалги лъаларев чи, чияр бакIалда дун дидасаго вилилаан. Къолонив кIусулаго диде бачIуна летаргияб макъу, цебе бачIуна Шамил имамасул сипат ва накIкIулъе ун гIадин, гьев цевеса тIагIунеб мех ккола тIалъел ричIизе заман щвараб лахIзат.

Бокьарав чиясда бажарула йогалде машгъуллъизе. Амма тIубанго инкар гьабизе ккола наркотиказдасаги, гьекъолеб - цIалеб жоялдасаги, жахIда – хIусудалдасаги. Машгъуллъизе ккола спорталде, рухIияб рахъалде.

Йога лъазабиялъе чара гьечIого малъулев чи къваригIунаро, кинабго бихьизабула интернеталдаса.

Дие бокьила дагъистаниял йогалде машгъуллъиялде ахIизе ва шахматалги йогаги школалда малъизе.

**- АхIмад, испаниялъулаздаги дагъистанияздаги гьоркьоб щиб батIалъи бугеб?**

- Бицине гIураб батIалъи гьечIо. Дол руго гIамал берцинал, гьобол къиматал, къварилъи ккарасе кумекалъе рахъине хIадурал, квер гIатIидал гIадамал.

Нилъеца гIадин, испаниялъулаз политикаялъул интерес гьабуларо. ГIемериседа лъаларо аскIоб бугеб Франциялъул президент щив вугищали, къанагIатги вукIунаро Каталогиялда бугеб ахIвал- хIалалъ «бетIер унтулев» чи. Гьел руго гIумруялдаса кеп босулел чагIи.

(Ахир 4-леб гьум)

■ МАШГЪУРАЛ РАЙОНЦОЯЛ

(Байбихьи 3-леб гьум.)

**- ДагъистаналдещвечIого чан сон бан букIараб, гьанир лъугьун ругел хиса – басиязе кинаб къимат дуца кьолеб бугеб?**

- 2008 соналдаса нахъе дун Дагъистаналде щун вукIинчIо. ГIемерисел гьалбаз нилъее къимат кьола МахIачхъалаялда бугеб ахIвал – хIалалде балагьун. Гьебин абуни, пашманлъизе ккараб куцалда буго. Киб бугеб архитектура, кир ругел шагьаралъул майданал, паркал, фантанал, скверал, кинаб куц – мухалда бугеб ралъдал рагIаллъи ва пляж?! Киб бугеб гIадамазе хIухьбахъиялъе бакIал? Балагьизе, бихьизе жо щиб гьаниб бугеб? Европаялъул шагьаразул къватIал шампуналъ чурула, гьанибин абуни, киса – кибго кьищни буго. Киса – кирго машинаби, ресторанал, кафеял, тукаби. МахIачхъала дида Стамбулалъул базаралда релъун бихьула. КъватIисел пачалихъазул туристал рачIани, гьел гьаниса лъутиларищ?

Дун нечана гьаниб гIадамазул, хасго херал чагIазул бугеб мискинлъи, пакъирлъи, язихълъи бихьидал.

ХIалалъ яхъун чIолей херай гIадан йиго цIорораб базаралъул кIалтIа пер бичулей, 93 сон барай дир эбелалъе, дунялалдаго бечедаб хIукуматалъ, анцIила кIиазарго гъурущ пенсия кьолеб буго. Херал чагIи хIакъир гьари кколарищ гьеб? Дагъистанго буго базаралда, дица дуе бичула, дуца дие бичула. Нилъ гьединал чагIи кколаро, амма нилъер ричарухъаби гьарулел руго. Гьаниб бугеб жо гIумру гуро, чед балагьиялъе рекерахъди - гIакъуба – гIазаб буго.

Медицинаги, школаги, ясли – ахги Испаниялда чIобого букIуна. Бокьараб операцияги чIобого гьабула. Пенсионерал руго гьенир бищунго кепалда ругел чагIи, гьезие киналго хъулухъал чIорого рукIуна. Кьола кIудияб пенсия, гьединлъидал, аслияб къагIидаялда, гьезул рукIуна «Мерседес», «Майбах» гIадал чIухIарал машинаби. Пенсионерасул ихтияр буго лъагIалида жаниб кIиго нухалъ, лъаблъаб анкьалъ, чIобого дунял сверизе ине.

«Вид на жительство» гурони, гражданлъи гьечIев дие-магIаруласе Испаниялда кIиго сонидасан кIиазарго евро (120 азарго гъурущ) пенсия щвезе буго.

**- Дур лъади Еленаги лъикIаб махщелалъул артистка йигилан бицана...**

- БитIараб буго, гьей ккола спортсменка-гимнастка, цееяхъуна гIумруялъе хIинкъи бугел трюкалгун: кьурдула гъурараб цIорода, хвалчадул балада, багIарараб тIорччода.

Нижер цоцахъ рокьи ккана, гастролалда ругеб мехалъ, Белоруссиялда. 13 январалда нижер вас Аскарица лъагIел бана. Гьанже гьей Елена гуро, бусурбан дин босарай, Лейла йиго.

**- ГьедигIан кIудияб хIинкъи гIумруялъе бугел трюкал рихьизарун кигIан мухь дуе кьолеб?**

- Гьеб ккола коммерческияб балъголъи. БитIун бицани, дун мискинчи ккоаро, рес буго бокьарал нигIматал ва чIухIарал машинаби росизе. Дир минаби руго Испаниялда, Канаразул чIинкIиллъабазда, квартира – Москвалда.

Нури НУРИЕВ




■ РАКIАЛДЕЩВЕЯЗУЛ ГЪАНСИТО

# «ХIурмат гьабурасул кодоб гурони чIеларин гьедун буго рикъзи»

**Рагьда хадусел соназ халкъалъул рукIа –рахьин рукIалиде бачIинеги гIезегIанго сонал ранин бицунаан мунагьал чураяй Хадижатица.**

Росги гьечIого кIиго лъимералъе бетIербахъи гьабизеги захIмалъун, гьей ун йиго колхозалъул председательлъун хIалтIулев вукIарав АхIмадихъе. Жиндир рокъоб къунтI цIурабгIаги ханжуги гьечIин, лъималги ракъун ругин, гьал гIадамал гIадин жиндиеги бокьун бугин бетIербахъиялъ къватIие чияр ракьалде ине абун. Гьединаб хиялгун арай Хадижатица абулаан АхIмадица жиндие кьунила цIакъ лъикIаб гIакълу ва жий, гьес абурабги гьабун, росулъ чIеялдаса рекIекълъичIиланги. ГIемерал чагIи унаан росу тун къватIире доб заманаялъ хъизан-лъималазе бетIербахъи гьабизе гIоло. Амма гIемерисел аппараглъудаги хутIанин абизе бегьула.

- Хадижат нилъехъе щивгIаги хIалтIи балагьун доваса-гьаниса чи вачIани, нилъеца бищунго захIматаб, лъицаниги гьабичIого хутIараб гурони хIалтIи кьоларо гьесие. Гьединго букIинарищ цойги бакIалдаги,- ян абун, АхIмадица хъизан ГIайшатиде ишараги гьабун, жиндирго рокъоса кьун буго ханждал цо къали, - лъимал кванaзаризе а,- янги абун йитIун йиго гьес Хадижат рокъое. «Нахъисеб къоялъ радалго дун ахIана колхозалъул конторалде ва абуна дида колхозалъул бачал кьезехъин ругила духъе хьихьизеян. Дун гьелдаса кутакалда йохана ва гIедегIил гьабун, лъималги рачун диего кьураб хIалтIи тIубазабизе нухда яхъана. Доб АхIмадица дие кьураб ханждал къали дицаги лъималазги кванана тIубараб кIиго моцIалъ, мичIчIил карщги гьабун, гьелде тIаде цо хъат цIураб ханжуги бан. Гьелдаса хадуб нижеда гьединаб ракъул къварилъи бихьичIо, тIаде мухьги бачIана, рокъоб дагьаб бугониги кванил нахърателги лъезе щванила»,- ян абулаан гьелъ. ГIемер бицунаан Хадижатица нагагьлъун жий лъималги рачун бетIербахъиялъ къватIие ун йикIараяни жиндир хобгицин батиларoанилан.

Гьелда кIоларoан цебесеб къоялъ букIараб кванил хутIараб кесекги нахъе рехун, цIияб кванил хIалбихьизецин. Гьадинабги щолареб заман букIаниланги бицунаан нижее. Чадил къимат гьабизе ккoлин малъулаан аскIоре щванцинахъе.

Гьединаб къварилъиги ракъиги гIемер хIехьана нилъер умумуца. Ихдал квали бухъизе ун, риидал чIахI-хер кванан, хаслихъе гIинтIи бакIарун, гьеби бакъвазабун рукIунаан гIадамал. Цо дагьабго гьохъги гьоркьоб жубан хенолаан тIех, ракъи нахъчIвазабизелъун цо хъат цIураб буцун гьабулаан квен. Гьанже бугеб эркенаб заманги, щибго жоялъул гьечIеб къиматги бихьараб мехалъ дида гIемер ракIалде рачIуна Хадижатица абулел рукIарал рагIаби «хIурмат гьабурасул кодоб гурони чIеларин гьедун бугила рикъзи». Аллагьас цIунайги нилъги нилъер наслабиги гьединаб ракъиялдасаги, захIматаб заман бачIиналдасаги.



М. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВА

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ

Утерянный аттестат за номером Б №1486076, выданный Исаеву Али Исалмагомедовичу 1987 г.р.об окончании в 2004г. МКОУ «Ходотинская СОШ» Шамильского района РД, считать недействительным.


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГI. НурмухIамадова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
П.Ибрагьимова

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.
ТI.МухIамадов

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал:
Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназдa газета къватIибе бачIунеб букIана "Цияб канлъи" ва "БагIараб цIва" абурал цIараздa гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета къабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул "ГУП РГЖТ" типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления.
Регистр.ПИ№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде-кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидали баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественностальъ къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI